
Vyolans nan kay gen ladan yon modèl konpòtman kontwòl ak abi (ki vyolan pafwa) kèk moun itilize kont patnè entim yo. Abi a kapab fizik, seksyèl, oswa emosyonèl, epi li ka gen ladan menas, izòlman, kontwòl lajan ak asèlman.

Èske patnè ou janm...

- Frape ou, ba ou koutpye, oswa blese ou?
- Itilize zam pou fè ou mal oswa pou menase ou?
- Fòse ou oswa fè presyon sou ou nan aktivite seksyèl ou pa vle?
- Fè menas pou fè ou mal oswa pou fè lòt moun mal, pou fè yo depòte ou, oswa pou divilge enfòmasyon prive sou ou?
- Kontwòle sa w ap fè oswa moun ou wè nan yon fason ki nuizib pou travay ou, pou edikasyon pitit ou, pou edikasyon ou, pou swen sante ou, oswa pou lòt aktivite ki nesèsè?
- Vòlè lajan ou oswa detwi afè ou?
- Kritike ou san pran souf, ba ou non, oswa imilye ou?
- Ba ou refi pou bezwen ki pi enpòtan yo tankou manje, kay pou rete, rad, èd medikal oswa lòt èd?

Si ou reponn "wi" pou nenpòt nan kesyon sa yo, sante ou ak sekirite ou ka an danje .

Sa Kapab Rive Nenpòt Moun

Vyolans nan kay se yon pwoblèm ki komen ak grav ki kapab afekte sante fizik ak sante emosyonèl yon moun. Sa kapab rive nenpòt moun, kèlkeswa moun ou ye oswa kèlkeswa kote ou sòti.

Se Pa Fòt Ou

Si ou viktim abi patnè ou, ou ka santi ou gen konfizyon, laperèz, kòlè oswa ou ka santi ou pran nan pyèj. Tout emosyon sa yo se reyaksyon nòmal nan abi. Ou ka repwoche tèt ou poutèt sa rive ou. Men kèlkeswa sa ki pase ou, ou pa janm responsab pou aksyon abi patnè ou.

Pa gen moun ki merite pou viktim abi.

Idantifye Sipò

Li kapab trè enpòtan pou devlope yon sistèm sipò. Gen anpil moun ak kote ki ta ka itil ou; zanmi, fanmi, kamarad travay, gwoup kominotè, dirijan legliz, founisè swen sante, konseye, pwofesè, ak sipòtè pwogram pou moun ki viktim vyolans nan kay se sèlman kèk egzanp.

Vyolans nan Kay Se yon Krim

Si ou pran chòk, si ou yo fè kadejak sou ou, oswa si ou jwenn menas akòz yon vyolans nan kay (oswa si ou wè yon moun k ap fè krim sa yo), ou kapab rele 911 pou jwenn lapolis oswa èd medikal.

Yon lòt chwa ou genyen se ale nan tribinal pou mande yon lòd restriksyon k ap egzije delenkan an pou pa fè ou mal, oswa pou kanpe lwen kèk kote tankou kay ou, travay ou, oswa lekòl ou. Lòd la kapab gen ladan tou pwoteksyon pou pitit ou ak bèt kay ou.

Gen anpil lòt sous pwoteksyon ak sipò pou moun ki viktim nan vyolans nan kay. Kontakte resous ki endike padèyè tiliv sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou ak sou chwa ou yo.

Fason pou Planifye pou Sekirite ou

Si ou pa jwenn èd, vyolans nan kay kapab vin grav souvan apre yon peryòd tan. Pafwa li kapab lakòz lanmò ou. **Kwè nan tèt ou**; si ou panse ou an danje, ou ka an danje toutbon. Pa fè tankou ou pa gen la-perèz. Ou ka vle:

- **Sonje** nimewo telefòn moun ki kapab ede ou oswa liy dirèk yo.
- **Planifye kote pou sove** ak kote ou kapab ale si ou deplase byen vit.
- **Pale avèk pitit ou yo** sou sa yo kapab fè si yo santi ou pa gen pwoteksyon oswa si yo pè.
- **Mete ansanm yon valiz atik pou ijans** ki gen lajan, medikaman, kle vwati, papyè enpòtan tankou baptistè, kat sekirite sosyal, dokiman imigrasyon. Mete valiz la yon kote ki pwoteje, oswa bay yon zanmi kenbe li pou ou.
- **Fè lòt moun kwè yo konnen** sa k ap pase, epi pale avèk yo sou fason yo kapab ede ou.

Gen Èd ki Disponib

Liy Dirèk 24 èdtan pa jou:

SafeLink

1-877-785-2020

(TTY 1-877-521-2601)

Liy Dirèk National Domestic Violence

1-800-799-7233

1-800 787-3224 (TTY)

Gen èd ki disponib nan plis pase 140 lang

Pou sèvis ki nan kominote ou

**Asosyasyon Fanm Ayisyen nan Boston
(AFAB)/Association of Haitian Women in
Boston**

617-287-0096

Lòt Resous nan BMC

Pwogram BMC pou Viktim Vyolans nan Kay

617-414-7734

<http://internal.bmc.org/domesticviolence>

Pwogram Asistans pou Anplwaye

1-866-695-6327

Depatman Sekirite Piblik

617-414-4444

Pwogram sa a jwenn sipò pasyèl MOVA nan sibvansyon 1984 VOCA nan Biwo pou Moun ki Viktim nan Krim, Pwogram Biwo Lajistis, Depatman Lajistis Etazini

Fason pou Jwenn Sekirite ak Sipò



**BOSTON
MEDICAL
CENTER**

EXCEPTIONAL CARE. WITHOUT EXCEPTION.

Haitian Creole